## नेनाक बाइबिल

*प्रस्तुति*



# जे मनुख नहि झूकत


*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Jonathan Hay

*रूपान्तरित*: Mary-Anne S.

*अनुवाद*: Ashish Paul




*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org





©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.






राजा नबूकतनस्सर एकटा बड़ पैघ सोनाक मूर्ति बनबौलिन। ई मूड़ी सँ लऽ कऽ पैर घरि सोनाक छल! भऽ सकैछ जे राजा बिसरा गेल होयथिंन्ह जे सपनाक देखने रहैथि जतो हुनका बताबल गेल रहिन जे सोनाक राज्य कऽ अन्त भऽ जाएत ई सभ दिनक लेल नहि रहत। राजाक मोन में आएब गेल होयत जे जँ सोनाक पूरा मूर्ति रहत तऽ राजक अन्त नहि होयत आओर ओ सपना पूरा नहि होयत।





राजाक सेवक में सँ एक
एहि आदेशक पढ़लखिंन्ह जे
सभ गोटे कऽ एहि मूर्तिक
सन्मुख में झूक कऽ
अराधना करबाक छनि अऽ
जे ई नहि करताह हुनका
आगिक जरैत भट्ठी में
डाल देबल जएतिन।“
3


तीन गोटेक छोड़ि कऽ बांकि सभ वैह कएलिन जे करबाक
आज्ञा राजा देने छलाह। ई तीनो लोक यहूदी छलाह, ओ सभ
रहैथि सदरक, मेसक, आओर अबिदनगो ई तीनो दानिय्येलक
दोस्त छलाह। लागैत अछि जे ओहि काल में
दानिय्यल ओतो नहि
छलाह ओ जँ ओतो
रहताएथि तऽ
मनुखक बनाबल
मूर्ति कऽ
सन्मुख में ओ
भी नहि झूकल
रहताएथि।
4


राजाक रत्न सभ दानिय्यलक दोस्त सभ सँ बड़ ईर्ष्या करैत
छलाह कारणें राजा हुनका सभ बड़ मानैत रहिन। तें ओ सभ
कहलिन ई तीनो मनुख कऽ राजक आदेशक मानअ पड़तिन,
ई तीनों कऽ आज्ञा मानबाक लेल कहियों अऽ जँ ओ नहि
मानताह तऽ अहाँक कठोर आदेशक अनुसार हुनका तीनो कऽ
सजा देबल जएतिन। अहाँक बनबाबल मूर्तिक
सन्मुख में झूक कऽ ओहि
सभक दण्डवत करिए पड़तिन।
5


राजा नबूकतनस्सर क्रोध
सँ भरि गेल रहैथि। ओ
हुनका सभ चेतौनी देलिन,
जँ अहाँ सभ मूरतक
अराधना नहि करब तऽ
हम अहाँ सभक धधकैत
आगिक भट्टीक बीच में
फेंकवा देब। कौन
परमेश्वर अहाँ सभक
हमर हाथ सँ छोड़ाएत ,“
6


राजा बड़ पैघ गलति कऽ रहल छलाह। ओ वास्तव में
जीवित परमेश्वरक चुनौती दऽ रहल छलाह। ई तीनो यहूदी
मनुख एहि बातक बड़ निक सँ जानैत छलाह जे मूरतक
अराधना नहि करबाक चाहि। तें द्वारें ओ सत्यक लेल ठाड़
भऽ गेलाह। किएक तऽ ओ सभ परमेश्वरक उपर विश्वास
करैत छलाह, आओर एहि कारणें
ओ राजा सँ नहि डेरयलथिंन्ह।
7


ई तीनों बहादूर मनुखक लग राजाक उत्तर देबाक लेल उपाय
रहिन। ओ सभ कहलिन, “हमर परमेश्वर हमरा सभक
आगिक भट्ठी सँ बचा सकैत छथि। अऽ जँ नहि भी बचौताह,
तऽ अहाँ जानि लिअ जे हमरा सभ नहि तऽ अहाँक देवताक
उपासना करब अऽ नहि जाहि सोनाक मूरतक अहाँ बनबौने
छी तकरो अराधना करब।“
8


ई सूनि कऽ राजा
नबूकतनस्सर आओर
बेसी तामस में आएब
गेलाह! ओ आदेश देलिन
जे आगिक भट्ठी कऽ
सातगूना बेसी गरम कऽ
दियौक जेना कि पहिने
करैते छलहुँ ओकरो सँ
बेसी, ई सूनिलाक बादो
ई मनुख सभ धुटना
नहि टेकलखिंन्ह।
9
राजा अपन मजबूत अऽ ताकतवर मनुख कऽ
आदेश देलिन जे एहि तीनों कऽ रस्सा सँ निक
कऽ कऽ बांहिन दियो
आओर धधकैत
आगिक भट्ठी
में फेंक दियौक।
10
भट्ठी ततैक गरम छल जे
ओकर धाह सँ जे मनुख
सदरक, मेसक, आओर
अबिदनगो कऽ आगिक
भट्ठी में फेंकने रहैथि
जरि कऽ मरि गेलाह।
11
राजा बातक सुरक्षित दूरी पऽ सँ देख रहल छलाह।
ओ देखलिन जे एहि तीनों मनुख कऽ धधकैत
आगिक भट्ठी में फेंक देबल गेल रहिन। मुदा
ओ देखलिन जे एहि सँ सभ किछु नहि भऽ गेल।
12
राजा नबूकतनस्सर अचंभित भऽ गेलाह!
कि हमरा सभ तीन बांहनल मनुख कऽ
आगिक भट्ठीक बीच में नहि
फेंकने छलहुँ ? “ओ अपन
सहायक सभ सँ पूछलिन।
ओ सभ उत्तर देलिन जे
हाँ। ओ कहलिन देखियो
हम तऽ चार मनुख
कऽ आगिक भट्ठीक
बीच में घेरैत देख
रहल छी आओर
ओ सभ जरल नहि
छथि। आओर चौथा
मनुख परमेश्वरक पुत
के समान छथि“।
13
“जरैत अऽ धधकैत आगिक भट्ठीक
नजदीक में आएब कऽ राजा जोर सँ
चीकर उठलाह, हे सदरक, मेसक,
आओर अबिदगो महान परमेश्वरक
सेवक बाहर चलि आऊँ!“ ओकर
बाद सदरक, मेसक, आओर
अबिदनगो धधकैत
भट्ठी सँ बाहर
आएब गेलाह।
14

जतैक लोक ओतो जौर भेल छलाह ओ सभ केओ एहि तीनो यहूदी पुरूखक देखलिन जे आगिक शक्ति हिनका सभक नहि जरा सकलिन हुनका सभक बंहनन अऽ वस्त्र सेहो नहि जरल छल। एतो घरि जे जरयक कोनो गंध हुनका सभक देहिक उपर नहि रहिन।



15

जहन राजा नबूकतनस्सरक एहि बातक आभास भऽ गेलिन, ओ बुद्धिमत्तापूर्ण किछु बुद्धिमत्तपूर्ण कएलिन। ओ प्रार्थना कऽ कऽ कहलखिंन्ह सदरक, मेसक, आओर अबिदगोक परमेश्वर बड़ महान छथि, ओ अपन दूतक पठा कऽ अपन सेवक कऽ बचा लेलखिंन्ह जे हुनका उपर भरोसा राखैत छथि।



16

# जे मनुख नहि झूकत


***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्व***

## दानिय्यल - 3

***ऋका क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता*** **119:130**

17





33

60

18

*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल ̈कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह ̈यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह ̈इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुली (फाँसी) पर चढाअ ̈ल जाए। आऔर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आऔर अ ̈ फेर द ̈सर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल ̈कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आऔर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु।* यहुन्ना 3:16

19